

DERDAH SAJRONE CERBUNG “MIKUL DHUWUR MENDHEM JERO”

ANGGITANE TIYASTI

(Tintingan Sosiokultural)

E-JOURNAL



Panyusun :

Yeny Windy Pratiwi

14020114029

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

FAKULTAS BASA LAN SENI

JURUSAN PENDHIDHIKAN BASA LAN SASTRA DHAERAH

2020

Derdah Sajrone Cerbung “Mikul Dhuwur Mendhem Jero” Anggitane Tiyasti
Tintingan Sosiokultural

Yeny Windy Pratiwi

S-1 Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Pembimbing: Drs. Bambang Purnomo, M.S

Dhosen Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* disusun kanthi tetembungan sing prasaja nanging tetep ngemu kaendahan. Tiyasti ngripta cerbung iki kanthi munjerake marang kahanan sosial, mligine ngenani derdah. Derdah kaya-kaya ora bisa dipisahake saka masyarakat ing bebrayan agung. Saben wong cinipta kanthi duweni watak sing beda, saengga derdah ora bisa dipenggak maneh. Bab liya sing narik kawigaten saka cerbung iki yaiku anane kulawarga sing nuwuhake derdah. Kulawarga sing nduweni bleger ayem tentrem banget pranyata bisa nuwuhake derdah ing kulawarga sajrone cerbung.

Underan panliten yaiku: 1) Apa teges lan maknane mikul dhuwur mendhem Jero sajrone sistem sosial budaya masyarakat Jawa? 2) Kepriye gegambaran derdah arupa konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti? 3) Kepriye relevansi/gegayutan nilai-nilai etika sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti? 4) Apa wae nilai-nilai sing diugemi masyarakat masyarakat lan apa sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti? Tujuan panliten yaiku: 1) Njlentrehake Apa teges lan maknane mikul dhuwur mendhem Jero sajrone sistem sosial budaya masyarakat Jawa. 2) Njlentrehake gegambaran derdah arupa konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti. 3) Njlentrehake relevansi/gegayutan nilai-nilai etika sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti. 4) Njlentrehake apa wae nilai-nilai sing diugemi masyarakat masyarakat lan apa sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.

Panliten iki uga nduweni paedah, yaiku: 1) bisa menehi motivasi nuwuhake idhe-idhe kang kreatif lan inovatif lan panliten sabanjure bisa luwih becik. 2) Panliten diajab supaya bisa ndadekake asile panliten digunakake minangka medhia kanggo pasinaonan, mligine Mahasiswa. Tumrap panliti diajab bisa ngecakake kawruh lan katrampilan sing wis ditampa. 3) Panliten iki diajab supaya digunakake kanggo pasinaonan basa Jawa mliginne pasinaonan ngenani sastra lan bisa ndadekake piwulangan kang bisa dadi patuladhan panguripan ing masyarakat.

Panliten kang nintingi babagan derdah sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti iki diteliti nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Metodhe dheskriptif kualitatif dirasa trep amarga ora nengenake marang angka-angka nanging luwih nengenake babagan tetembungan..

Asiling panliten iki yaiku: 1) Anak Kudu Nuduhake Tumindak sing Becik. 2) Anak Kudu Manut Wong Tuwa. 3) Ngluhurake Wong Tuwa Kanthi Nengenake Pendhidhikan. 4) Anak Kudu Mendhem Wirange Wong Tuwa. 5) Njunjung Dhuwur Adat Leluhur. Panyebab Dumadine Derdah: 1) Karakteristik Saben Pawongan sing beda. 2) Budaya Sing Beda. 3) Kapreluwan Sing Beda. Pamungkase Derdah yaiku: 1) Damai, 2) Kemenangan Salah Siji Pihak.

Tembung wigati: derdah, cerbung, kulawarga, anak

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Urip ing satengahing bebrayan masyarakat tansah kebak karo kedadeyan-kedadeyan kang mujudake fenomena sosial. Ananane fenomena

sosial iku kang ndadekake pangripta nulis sawijine reripta sastra. Kabeh kedadeyan sosial kang ana sajrone reriptan sastra iku nggambarake lan ndadekake kaca pangilon tumrap lelakone urip

manungsa. Panemu iku mau mujudake gegambarane urip lan panguripane manungsa ing alam bebrayan. Reriptan sastra bisa nggambarake kanyatan-kanyatan kang kedaden ing satengahe urip bebrayan masyarakat.

Sastra mujudake asil pamikire manungsa sing ngemu kaendahan. Kaendahan kasebut bisa dideleng saka basane sing adiluhung. Basa sing digunakake nganggit sastra dudu basa saben dina, nanging luwih cundhuk karo basa sing ngemu piwulang. Karya sastra wujud maneka warna, salah sawijine yaiku prosa. Prosa uga sinebut fiksi, teks naratif, utawa wacana naratif (Nurgiyantoro, 2013:2). Tegese fiksi yaiku crita rekaan utawa crita khayalan. Kabeh iku disebabake amarga fiksi yaiku karya naratif kang bener-bener kedadeyan (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2013:2). Miturut Altbernd lan Lewis (sajrone Nurgiyantoro, 2013:3), bisa ditegesi yen prosa naratif iku nduweni sipat imajinatif, nanging bisa dinalar nganggo pikiran lan ngandhut bebener kang dramatis antarane manungsa. Miturut Endraswara (2013:89) karya sastra minangka gegambarane masyarakat nalika wektu iku. Karya sastra diripta dening pangripta kanggo sarana dhokumentasi lan komunikasi antarane pangripta lan pamaos. Lumantar karya sastra para pamaos bisa mangerteni kaanan utawa gegambaran sajrone karya sastra kang dianggit, kayadene sajrone reriptan sastra Jawa modern.

Cerbung minangka salah sawijine karya sastra prosa. Cerbung nduweni alur crita kang dawa kayadene novel. Akeh kedadeyan sajrone crita kaang njlimet lan nyangkap paraga siji lan paraga liyane. Cerbung minangka awal saka pangrembakane karya sastra modern kang kapacak sajrone kalawarti lan koran (Hutomo, 1974:5). Cerbung mujudake sawijining karya sastra rekaan utawa khayalan, sipate fiksi. Biyasane cerbung kapacak ing kalawarti utawa medhia liyane, ora mung sepisan nanging diperang dadi pirang-pirang babagan nganti critane cuthel utawa rampung. Wujud crita sambung kuwi dawa lan kaperang dadi maneka warna. Andharan saka crita sambung kuwi wujud luwih rowa, luwih jembar tinimbang crita cekak utawa cerkak kang pancen wujud cekak ora kaya crita sambung sing luwih akeh crita-critane. Saben crita sambung kuwi mesthi nduweni babak-babak. Cerbung mau lumrahe kapacak ing

kalawarti-kalawarti basa Jawa kayata kalawarti Jayabaya, Panyebar Semangat lan Joko Lodhang.

Salah siji cerbung Jawa yaiku *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* sing diripta dening Tiyasti. Cerbung iki kapacak ing Djaka Lodhang wiwit tanggal 7 Januari 2017 nganti tanggal 1 April 2017 kanthi cacah 12 edisi. Cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* disusun kanthi tetembungan sing prasaja nanging tetep ngemu kaendahan. Tiyasti ngripta cerbung iki kanthi munjerake marang kahanan sosial, mligine ngenani derdah. Derdah kaya-kaya ora bisa dipisahake saka masyarakat ing bebrayan agung. Saben wong cinipta kanthi nduweni watak sing beda, saengga derdah ora bisa dipenggak maneh. Bab iki sing ndadekake cerbung sing diripta dening Tiyasti kaya-kaya dadi kaca benggala ing panguripan sanyatane.

Derdah sing diandharake sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* bisa dijlentrehake kanthi nggunakake tintingan sosiokultural. Unsur intrinsik digunakake kanggo njlentrehake isine cerbung supaya tetep wutuh ora gothang. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, irah-irahan panliten sing arep ditliti yaiku *Derdah sajrone Cerbung Mikul Dhuwur Mendhem Jero Anggitane Tiyasti (Tintingan Sosiokultural)*. Cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* durung tau ditliti kanthi tintingan sosiokultural jalaran isih kalebu cerbung anyar sing kapacak ing kalawarti Djaka Lodhang.

1.2 Underane panliten

Adhedhasar landhesane panliten kasebut kang wis diandharake ing ndhuwur, mula underane panliten kang bakal ditintingi yaiku:

- 1) Apa teges lan maknane mikul dhuwur mendhem Jero sajrone sistem sosial budaya masyarakat Jawa?
- 2) Kepriye gegambaran derdah arupa konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti?
- 3) Kepriye relevansi/gegayutan nilai-nilai etika sajrone cerbung Mikul Dhuwur Mendhem Jero anggitane Tiyasti?
- 4) Apa wae nilai-nilai sing diugemi masyarakat masyarakat lan apa sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti?

1.3 Tujuwan Panliten

Adhedhasar underane panliten kasebut ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kanggo menehi gegambaran yaiku:

- 1) Njlentrehake Apa teges lan maknane mikul dhuwur mendhem Jero sajrone sistem sosial budaya masyarakat Jawa.
- 2) Njlentrehake gegambaran derdah arupa konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.
- 3) Njlentrehake relevansi/gegayutan nilai-nilai etika sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.
- 4) Njlentrehake apa wae nilai-nilai sing diugemi masyarakat masyarakat lan apa sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.

METODHE PANLITEN

Metodhe panliten yaiku kepriye tata urutan panliten kasebut dilaksanani, alat lan bahan apa wae kang digunakake, sarta prosedur sing digunakake (Widi, 2010:108). Adhedhasar andharan kasebut, sajroning bab iki bakal diandharake ngenani perangan tata cara panliten, yaiku (1) ancangan panliten, (2) dhata lan sumber dhata, (3) cara pangumpulan dhata, (4) instrumen panliten, lan (5) tata cara njlentrehake dhata.

3.1 Ancangan Panliten

Panliten iki kalebu kualitatif. Moleong (2008:6) njlentrehake panliten kualitatif yaiku panliten sing nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab sing dumadi dening subjek panliten kanthi holistic lan deskriptif sajrone wujud tembung-tembung lan basa ing sawijine bab sing mligi kanthi nggunakake maneka warna metode ilmiah. Selaras karo pamawase Moleong, panliten iki kalebu panliten kualitatif amarga panliten iki nintingi sawijine kedadayan utawa *fenomena* sajrone karya sastra. Panliten iki bakal nggunakake metodhe deskriptif kualitatif kanggo nintingi cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Endraswara (2008:5) ngandharake yen titikan panliten kualitatif sajrone panliten sastra yaiku (1) panliti minangka instrumen kunci sajrone panliten, amarga panliti kudu maca kanthi tliti sawijine reriptan sastra, (2) panliten ditindakake nggunakake metodhe

dheskriptif, yaiku awujud tembung-tembung, ukara-ukara, utawa gambar yen diperlokake. Dhata ora mawujud angka, (3) ngutamakake proses tinimbang asil, amarga reriptan sastra mbutuhake penafsiran, (4) analisis kanthi induktif, lan (5) makna minangka punjer kang utama.

Panliten kualitatif nduweni telung unsur kang utama. Unsur kaping pisan ngenani dhata kang sumbere bisa maneka warna. Kaping pindho prosedhur analisis kang digunakake sajrone panliten. Kaping telu laporan, bisa awujud tulisan utawa lisan. Ratna (2004:47) ngandharake yen panliten kualitatif menehi pangerten ngenani dhata alamiah, yaiku dhata kang gegayutane karo konteks panganggone. Panliten kualitatif diperang dadi loro, yaiku kualitatif dheskriptif lan kualitatif inferensial. Panliten kualitatif dheskriptif utawa dheskriptif kualitatif nganalisis lan nyuguhake fakta kanthi cara sistemik saengga gampang dimangerteni dene panliten kualitatif inferensial nganalisis sesambungan *antar variabel* kanthi pengujian hipotesis (Azwar, 2004:6).

Metodhe dheskriptif miturut Widi (2010:84) yaiku sawijining metodhe panliten kang nggambarake sakabehane dhata utawa kaanan objek utawa subjek panliten, sabanjure dianalisis lan dibandingake marang kasunyatan sing ana kanggo ngonceki bab-bab. Cekake metodhe dheskriptif yaiku metodhe panliten kang ngupaya kanggo nggambarake objek kanthi apa anane. Jinis panliten iki yaiku panliten kualitatif.

Panliten kang nintingi babagan derdah sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti iki trep yen ditliti nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Metodhe dheskriptif kualitatif dirasa trep amarga ora nengenake marang angka-angka nanging luwih nengenake babagan tetembungan

3.2 Sumber Dhata lan Dhatane Panliten

Sajrone panliten iki sing dikarepake yaiku asale subjek saka dhata sing dijupuk. Perangan iki wigati banget sajrone panliten. Yen ora ana kalorone panliten ora bakal bisa dilakoni amarga ora ana sing arep ditliti.

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber data kang utama sajroning panliten iki yaiku cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti. Cerbung iki dipacak ing

kalawarti Djaka Lodang edhisi 32 tanggal 7 sasi Januari 2017 nganti edhisi 43 tanggal 25 sasi Maret 2017. Cerbung kasebut critane akeh sing ngandhut prekara-prekara sosial sajrone kulawarga, nanging panliten kanga rep ditindakake iki nganalisis prekara sosial kulawarga yaiku jejodhowan.

Sumber dhata sekunder yaiku buku-buku panyengkuyung. Buku-buku penyengkuyung kasebut ateges buku-buku literatur kang nyengkuyung kanggo ngonceki cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* kanthi tintingan Sosiokultural. Mula, buku-buku panyengkuyung mau kudu ana sesambungane karo derdah. Ora mung buku-buku wae kang bisa dadi sumber dhata sekunder nanging uga bisa awujud asil panliten, artikel lan sapanunggalé. Sumber-sumber dhata kasebut kang awujud buku, mligine kang ngrembug ngenani derdah. Medhia sosial kasebut minangka medhia kang digunakake kanggo ndhudhah dhata ngenani faktualisasi derdah sajrone bebrayan.

3.2.2 Dhata

Dhata yaiku asil saka panliten, bisa arupa angka lan *fakta* (Arikunto, 2010:16). Dhata kuwi uga sawijine objek kang didadekake bahan tintingan. Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten sastra yaiku arupa karya sastra utawa naskah, banjur minangka dhata formale yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana (Ratna, 2011:47). Dhata kang digunakake sajrone panliten iki arupa tembung, ukara, wacana, lan solah bawane paraga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Sakabehe wujud tetembungan, ukara, wacana, lan solah bawane paraga didadekake salah sawijine bukti kanggo ndhudhah prekara kang ana sajrone panliten iki. Prekara kasebut yaiku ngenani maneka warna gegambarane kacingkrangan sajrone crita sambung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Dene dhata sabanjure bakal digayutake karo underan panliten liyane yaiku pamawas bebrayan ngenani derdah sajrone panguripan omah.

Dhata minangka objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku frase, tembung, ukara, lan wacana kang gayutan karo underane panliten. Sepisan, gayutan karo crita ing jagading jejodhowan sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* karo kanyatan ing bebrayan. Ing pungkasan iki, dhata kang bakal didadekake

ing panliten iki taiku ngenani aktualitase ing jagading jejodhowan yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan. Sumber data tambahan kang digunakake ing panliten iki arupa buku-buku kang relevan karo objek lan underaning panliten.

3.3 Instrumen Panliten

Instrumen kang digunakake sajroning panliten iki yaiku panliti dhewe (*human instrument*) lan kertu data. Panliti kang dadi instrumen utama sajroning nintingi bab kang diteliti laras karo underane panliten kang wis dicethakake ing dhuwur kanthi metode *heuristik* lan *hermeneutik*. Manut Moleong (2005: 121), panliti kang nggunakake *human instrument* tegese panliti minangka pangrencana panliten kang nindakake utawa kang nglumpukake data panliten, nintingi data, nafsirake data, lan wusanane dadi pelapor asiling panliten. Instrumen sajrone panliten iki nduweni tujuan kanggo nyengkuyung nglumpukake dhata (Arikunto, 2010:192). Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakale nindakake panliti lan nganalisis objek panliten. Panliti kang bakale nglumpukake dhata, nganalisis dhata, nafsirake dhata, lan nyuguhake asil panliten.

Instrumen panliten sing digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Mula saka iku, panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kualitatif. Sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijining kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang kanggo asil panlitene. Banjur, kanggo nglancaraké panliten kasebut, mula panliti mbutuhake sawernane piranti utawa alat panyengkuyung yaiku buku tulis lan pulpen.

3.4 Tata Cara lan Prosedur Pangumpulé Dhata

Sajrone panliten, tata cara nglumpukake dhata ora bisa dilirwakake amarga dhata minangka samubarang kang wigati banget sajrone panliten. Teknik nglumpukake dhata sajrone panliten bisa nggunakake studi pustaka, yaiku cara nglumpukake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka sarta dhokumen liya (Ratna, 2010:39).

Arikunto (2010:274) ngandharake yen metodhe dhokumentasi yaiku nggoleki dhata ngenani bab-bab utawa *variabel* kang arupa cathetan, buku, transkrip, kalawarti, agend, lan sapanunggal. Metodhe dhokumentasi iki yen ditandhingake klawan metodhe liyane, ora patiya angel digunakake amarga yen ana bab kang kliru sumber dhatane ora owah.

Tata cara kang digunakake sajroning panliten iki yaiku arupa metode pustaka. Metode pustaka digunakake kanggo nggoleki data-data kaya kang wis kaandharake sadurunge. Metode pustaka yaiku nglumpukake data utawa bahan kang dijupuk saka sumber kapustakan kang wis diterbitake, bisa arupa buku utawa kalawarti (Surakhmad, 1998: 85).

Bahan kang dipikolehi sajroning metode pustaka iki digunakake minangka sumber tinulis sajroning panliten iki. Pangetrape metode pustaka kaya kang kaandharake ing ngisor iki:

- 1) Teknik inventarisasi. Teknik iki digunakake kanggo ngumpulake cuplikan-cuplikan saka *teks cerbung Mikul Dhuwur Mendhem Jero* kanggo mangsuli underaning panliten. Sumber data utama arupa cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.
- 2) Teknik waca. Teknik waca iki ditindakake kanthi cara maca cuplikan-cuplikan kang ana sajroning panliten iki. Ratna (2011: 18) ngandharake yen maca bola-bali sawijining teks kasusastran bisa nuwuhake pangerten kang beda klawan pangerten nalika maca sepisan. Sumber data utama arupa cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti diwaca bola-bali amrih bisa ngerteni isine teks mau.
- 3) Teknik cathet. Teknik iki digunakake kanggo nyathet bab-bab kang wigati saka data sajroning panliten iki kang ana sambung rapete karo tujuwaning panliten. Salah sawijining saka pangetrape teknik iki yaiku kanthi cara milih cuplikan kang ana sajroning cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* kalarasake karo underaning panliten. Data-data mau dicathet sajrone kertu dhata.

Tata cara kanggo nglumpukake dhata dening Endraswara (2008:162-163), diperang dadi telu yaiku:

a. Nemtokake Unit Analisis

Sadurunge ngudal isis crita sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* anggitane Tiyasti luwih dhisik nemtokake prekara kang arep dianalisis, prekara prekara kasebut babagan konflik sosial kulawarga. Panliten iki nemtokake telung prekara kang wigati, yaiku crita konflik sosial kulawarga, aspek-aspek sosiologis ing kulawarga, lan aktualitas ing konflik sosial kulawarga menawa digayutake karo kanyatan ing bebrayan.

b. Nemtokake Dhata

Sawise nemtokake unit analisis, banjur maca cerbung kasebut kanthi mepeng. Sawise iku ngudal cerbung kanthi watesan prekara-prekara kang wis ditemtokake.

c. Nyathet Dhata

Panliten sastra mligine sastra tulis, dhata sing arep diteliti arupadhata-dhata lan perlu anane cathetan-cathetan. Sajrone nyathet dhata, ana saperangan pituduh sing kudu digatekake yaiku: (a) latihan lan persiyapan kang bener saengga bisa nyathet kanthi bener, (b) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, lan (c) nyathet tetembungan kang ora dingerteni.

3.5 Tata Cara Panjlentrehe Dhata

Sajrone panliten iki digunakake metode deskriptif analisis. Metodhe deskriptif analisis mujudake metodhe gabungan yaiku metodhe deskriptif lan metodhe analisis. Metodhe iki digunakake kanggo njlentrehake dhata banjur nganalisis dhata sing ana. Cara kerjane yaiku njlentrehake kanyatan-kanyatan utawa dhata sing digunakake banjur dijlentrehake luwih rowa, menehi gambaran saka dhata sing wis dijlentrehake.

Teknik analisis dhata sing digunakake ing kene yaiku tintingan sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panliten. Tata cara analisis dhata sing ditindakake sajrone panliten iki, kaya ing ngisor iki:

- 1) Maca dhata sing awujud cerbung, bisa ditindakake kanthi maca dhata mau bola-bali.
- 2) Nyathet prekara-prekara sosial sajrone sumber dhata sing bakal digunakake ing panliten.
- 3) Ngandharake dhata kang gegayutan karo undere panlien, yaiku underane utawa crita ngenani konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*.

- 4) Njlentrehake aspek-aspek sosiologis ing konflik sosial kulawarga sajrone *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*.
- 5) Ngandharake aktualitase ing konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* karo kanyatan ing bebrayan.
- 6) Ngandharake asile panliten kanthi luwih cetha adhedhasar underane panliten lan ancane panliten.

3.6 Tata Cara Panyuguhe Asile Panliten

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Andharan mau awujud deskripsi ngenani undherane crita babagan konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*, asal mulane kulawarga ayem tentrem nganthi anake depresi, banjur uripe ayem tentrem maneh. Pungkasane yaiku gayutane konflik sosial kulawarga sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* karo kanyatan ing bebrayan. Panliten ikii kanthi sistematika kasusun saka limang bab yaiku 1) purwaka; 2) tintingan kapustakan; 3) andharan; 4) prathelan asile panliten lan 5) panutup sing isisne dudutan lan pramayoga.

Tata cara pangolahing data sajroning panliten iki nggunakake analisis *deskriptif*. Analisis *deskriptif* iki bakal ngasilake data kang *deskriptif* kang ana sesambungane karo tujuwaning panliten. Sajroning panliten iki, *analisis deskriptif* digunakake kanggo njlentrehake gambaran isine cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*, konflik lan cara mungkasi konflik sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*, lan nile-nile kang ana sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*.

Pangetrape analisis data ing panliten iki katindakake sawise sakabehing data kang

dibutuhake wis kasil diklumpukake. Data-data mau banjur dianalisis kanthi cara ing ngisor iki:

- 1) Nintingi perangan *intrinsik* lan *ekstrinsik* cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Carane nintingi wujud cerbung mau kawiwitan kanthi ngonceki unsur-unsur *intrinsik* sajroning cerbung mau. Unsur-unsur *intrinsik* kang bakal ditintingi dipunjerake marang patang perkara, yaiku tema, alur, paraga, lan Setting. Sawise nintingi unsur-unsur mau, bakal diweruhi perangan *intrinsik* lan *ekstrinsik* cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*.
- 2) Nintingi gambarane bebrayan Jawa sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Carane yaiku kanthi niti *teks* cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Wiyatmi (2009: 30), Paraga sajroning crita fiksi iku *refleksi* gegambaran saka pawongan kang ana lan urip ing kasunyatan. Laras klawan panemu kasebut, gegambaran bebrayan Jawa sajroning cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* bisa dingerteni saka *ilustrasi* paraga sajroning *teks* cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*.
- 3) Nintingi wujud kritik sosial sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*. Sajrone nintingi wujud kritik sosial cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* iki nggunakake teknik pamacan *hermeneutik*, yaiku kanthi maknani *ilustrasi* kang ana sajrone cerbung *Mikul Dhuwur Mendhem Jero*.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Masyarakat Jawa kagolong masyarakat sing isih ngugemi unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” ateges anak kudu ngluhurake wong tuwane. Nanging, saben pawongan duweni pamanggih sing beda-beda nalika negesi unen-unen kasebut. Mula, sajrone ngecakake anane unen-unen ora padha. Bedane pamawas iki nyebabake sawijine pawongan duweni panyandra sing beda nalika mandhang sawijining bab. Kayata sing

digambarake sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” anggitane Tiyasti.

Ing kene kagambarake kulawarga saka golongan intelektual nduweni pamanggih yen status sosial anak, utawa mantu kudu selaras. Kulawarga iki nggulawenthah putra-putrine yen golek jodho kudu nggatekake bibit, bobot, lan bebete. Nanging, sajrone cerbung uga digambarake kulawarga sing nyarujuki anane mikul dhuwur, mendhem jero sing magepokan karo bibit, bobot lan bebet. Ning, ora mandhang status sosial, amarga

ngecakake “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” akeh carane.

Mikul Dhuwur, Mendhem Jero mujudake pitutur marang sapa wae supaya bisa ngluhurake wong tuwa. Dene carane ngluhurake wong tuwa iki gumantung carane negesi unen-unen kasebut, kaya kang sing kagambarake sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” anggitane Tiyasti. Teges lan Makna “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” dijlentrehake sajrone pethikan ing ngisor iki.

4.1 Anak Kudu Nuduhake Tumindak sing Becik

Urip ing tlatah elit ora nyebabake Bapak lan Ibu Ambarini ngowahi cara nggulawenthah putra-putrine sing kudu “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Sing tegese Ambarini kudu ngluhurake wong tuwane. Kulawarga iki pindhahan saka tlatah kidul kraton, mula, Ambarini ngrasa kaku, amarga pawongan kiwa tengen nduweni pakulinan sing beda-beda. Dheweke mesthi ngrasa isin yen metu saka ngomah. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

“Tlatah ing kono diarani elit amarga wong-wong sing manggon umume wong-wong sugih, wong-wong pinter, lan wong-wong sing dhuwur pangkate”.

“Nalika semana kulawargaku manggon ana sacedhake Kridhasana. Mapan ing tlatah elit aku rada kaku awit aku kulina manggon ana tlatah kidul kraton. Bapakku sawijining kepala Bank sing rada kondhang ing kutha iki. Ibukku sawijining Guru SD ing sekolahan sing favorit. Jenengku Ambarini. Sedulurku mung siji lanang sing kaprenah enom alias adhiku”.

“Ing sisih kiwaning omahku ana asrama mahasiswa saka *luwar Jawa*. Para mahasiswa sing manggon ing kono priyayi kabeh. Dadi, aku ya isih yen metu saka ngomah”. (Jaka lodhang, eps:1)

Pethikan ing dhuwur nuduhake yen Ambarini urip ing satengahe pawongan elit, lumrahe wong-wong-wonge saka golongan intelektual. Kagambarake yen Ambarini pindhahan saka tlatah kidul kraton sing budayane beda karo tlatah elit papan panggone saiki. Lumrahe wong-wong sing manggon ing tlatah elit kayata dhokter lan sapiturute. Beda karo Bapak lan Ibu Ambarini. Sanadyan beda status sosial wong tuwa Ambarini

nduweni pamawas yen anak kudu ngajeni wong tuwa uga liyane.

4.2 Anak Kudu Manut Wong Tuwa

Kajaba Anwar, Dhokter Warsita kalebu pawongan golongan intelektual. Dheweke nduweni pamanggih yen anak kudu manut karo wong tuwa, amarga wong tuwa kang mangerteni apik orane sawijine bab kanggo putrane. Dhokter Warsita nggadhang putrane bisa njunjung derajade wong tuwa kanthi lulus pawiyatan luhur kabeh. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

“Putrane Dhokter Warsita loro cacahé wadon kabeh. Sing mbarep aran Wahyuningrum, sing wuragil aran Pratiwi. Putra putri loro iku digadhang kabeh dadi sarjana, alias kabeh lulusan pawiyatan luhur”. (Jaka Lodhang, eps:2)

Pethikan kasebut nuduhake yen Dhokter Warsita duwe putra loro, sing mbarep Wahyuningrum lan sing wuragil aran Pratiwi. Dhokter Warsita kepengin putra-putrine sukses ing bidhang akadhemik, amarga dheweke nengenake anane filosofi “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Ora mung bab sekolah utawa pagaweyan, ananging, bab pajodhohan idham-idhamane kudu gathuk karo kekarepane wong tuwa.

4.3 Ngluhurake Wong Tuwa Kanthi Nengenake Pendhidhikan

Nanging, Beda karo putrane sing wuragil aran Pratiwi, dheweke nduweni pamanggih sing beda karo Wahyuningrum sing ngecakake unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” kasebut kanthi nuruti apa pengine wong tuwa wae, ning uga mikirake apa sing dadi idhamane anak. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

“Sawise tekan ngomah pikiranku ngambrambra awit kelingan kahanan ing daleme Dhokter Warsita. Sanadyan mung putra loro, nanging siji lan sijine beda banget, sing putra mbarep mung tansah sendika dhawuh karo priyantun sepuhe”. (Jaka Lodhang, eps:3)

Pethikan kasebut nuduhake yen putrane wuragil Dhokter Warsita sing aran pratiwi, ora

sarujuk yen anak kudu manut karo bapak ibune babagan pajodhohan. Amarga, saben pawongan duweni idhola dhewe-dhewe sanajan kadangkala idholane anak ora padha karo idholane wong tuwa. Pratiwi tansah sulaya yen ditakoni bab sisihan. Mula, dheweke nduwe cara sing beda kanggo ngluhurake bapak ibune.

4.4 Anak Kudu Mendhem Wirange Wong Tuwa

“Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” kudu ditengenake ing ngendi wae, alane anak dadi wirange wong tuwa. Ambarini ngecakake unen-unen kasebut bisa dideleng nalika omong-omongan karo pawongan liyane. Dheweke sopan lan ora mbantah. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan:

“Kowe rak ya bisa mjoged ta Rini,”
 “Inggih ibu, nanging kula sanes pakar kados Mbak Tiwi”
 “Ya wis, ora perlu dhiskusi sing penting kowe jarikan supaya padha karo pratiwi”
 “Inggih, ibu”. (Jaka Lodhang, eps:3)

Pethikan kasebut nuduhake Ambarini nduweni watak sing sopan. Nalika diutus dening ibune Wahyuningrum nari, dheweke ngrasa ora pakar kaya Pratiwi. Dheweke nolak panjaluke bu Wahyuningrum kanthi alus, saengga, ora nglarani atine. Ambarini uga nyarujuki nalika diutus jarikan. Ora mung karo wong sing sepuh Ambarini tumindake sopan, karo Pratiwi dheweke uga ngati-ati.

4.5 Njunjung Dhuwur Adat Leluhur

Pajodhoan Wahyuningrum lan Teja putrane Pak Danu minangka sawijine cara ngecakake “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” dilakoni kanthi nganggo adat Jawa. Adicarane dianakake ing sasi besar, amarga sasi kasebut dianggep sasi sing becik. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan:

“Ing kalanganing wong Jawa, ana adat sing isih diugemi dening para sesepuh, yaiku mantu ing sasi besar. Sasi iku dianggep becik miturut wong Jawa. Dhokter Warsita lan calon besane padha-padha remen nguri-uri budaya Jawa mula padha sarujuk anggone dhaupake putrane ing sasi besar”. (Jaka Lodhang, eps:4)

Pethikan kasebut nuduhake yen kulawarga Dhokter Warsita lan Pak Danu isih ngugemi budaya Jawa. Kajaba nengenake bibit, bobot, lan bebet. Kulawarga iki uga ngugemi adate wong Jawa. Amarga kalorone seneng nguri-uri budaya Jawa. Mligine sing magepokan karo “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Bisa dideleng yen kulawarga iki ngugemi budaya Jawa nalika arep ndhaupake putra-putrine, milih dina sing becik lan sasi sing becik. Milih dina lan sasi iki uga ora angger milih, ning wong Jawa duweni itung-itungan kanggo nemtokake. Ancase supaya ora ana alangan anggone omah-omah. Sawise nemtokake dina, busana sing dinggo nganggo busana adat Jawa. Ubarampene disiyapake amrih njangkepi lakukune adicara manten.

4.2 Panyebab lan Pamungkase Konflik Sosial Kulawarga sajrone Cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” Anggitane Tiyasti

Pawongan siji lan sijine mesthi duweni pamawas sing beda ngenani unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Kayata sajrone Cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” Anggitane Tiyasti sing nggambarake anane konflik sosial sing disebabake (1) *karakteristik* saben wong sing beda, (2) budaya sing beda, (3) kapreluan sing beda, lan (4) owah-owahan sosial.

4.2.1 Panyebab Dumadine Konflik Sosial

Panyebab dumadine konflik sosial sajrone cerbung sing kapisan disebabake saben paraga sajrone cerbung duweni karakteristik sing beda, budaya sing beda, anane kaperluan sing beda. Bedane karakteristik saben pawongan bisa disebabake amarga lingkungan sosial.

1. Karakteristik Saben Pawongan sing beda

Kagambarake kulawarga Ambarini manggon ana sawijine tlatah elit ing Ngayogyakarta. Panggonan kasebut diarani tlatah elit amarga lumrahe wong-wong sing manggon saka golongan intelektual. Kahanan sing kaya mangkono ndadekake Ambarini ngrasa kaku. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan:

“Tlatah ing kono diarani elit amarga wong-wong sing manggon umume wong-wong sugih, wong-wong pinter, lan wong-wong sing dhuwur pangkate. Nalika semana

kulawargaku manggon ana sacedhake kridhasana. Mapan ing tlatah elit aku rada kaku awit aku kulina manggon ana tlatah kidul kraton”. (Jaka Lodhang, eps:1)

Pethikan kasebut nuduhake tlatah elit sing dipanggoni dening kulawarga Ambarini ana ing Ngayogyakarta. Diarani tlatah elit amarga wong-wong sing manggon lumrahe wong-wong saka golongan intelektual. Dene persise omahe Ambarini ana ing sacedhake kridhasana. Lingkungan sosial sing beda nyebabake Ambarini ngrasa kaku wiwit manggon ing tlatah kasebut.

2. Budaya Sing Beda

Konflik sosial sajrone cerbung dumadi amarga anane budaya sing beda. Kulawarga Dhokter Warsita isih ngugemi budaya Jawa, mligine unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” uga sajrone pajodhoan nengenake “bibit, bobot, lan bebet”. Ning carane nggulawenthah putra-putrine anane unen-unen iki beda karo kulawarga Ambarini. Kagambarake kulawarga Dhokter Warsita sing njlentrehake priyayi sing mathuk dadi calon mantune. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan:

“Ora mung bab sekolah ing bab pajodhohan dhokter warsita uga tansah ngelingake marang putra-putrine anane bibit, bobot, bebet”. (Jaka Lodhang, eps:2)

“Dhimas Warsita, ayo padha besanan aku duwe jaka insinyur, putra-putrine sliramu rak sarjana eonomi ta?” . (Jaka Lodhang, eps:2)

Pethikan kasebut nggambarake Dhokter Warsita ngutamakake pendhidhikan putra-putrine. Amarga dheweke uga duweni kekarepan bisa antuk calon mantu sing duweni title akademis, paling ora Dhokter Warsita kudu nata putra-putrine dhisik. Nalika iku putrine sing mbarep aran Wahyuningrum wis lulus saka pawiyatan luhur, mula, wis wancine duwe sisihan. Gandheng Dhokter Warsita ngugemi unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” dheweke negesake yen putrine kudu milih calon sisihan sing “bibit, bobot, lan bebet” cetha. Supaya bisa ngluhurake wong tuwane.

3. Kapreluwan Sing Beda

Unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” kudu diugemi tenanan. Supaya bisa dadi pathokan sajrone ngluhurake wong tuwa, amarga saben pawongan duweni kapreluwan sing beda-beda sajrone ngecakake “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero iki. Wahyuningrum nampa pajodhoan karo Teja Putranta duweni ancas bisa ngluhurake bapak lan ibune lumantar pajodhoan iki. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan:

“O, yen ngono ya kebenaran. Dadi, kowe sarujuk yen dilamar?”

“Inggi, kula nderek kersanipun papi lan mami, nanging kula piyambak ugi remen kok kalihan priya ingkang nggantheng tur pinter. Rak Inggi ta papi?”. (Djaka Lodhang, eps:2)

Pethikan kasebut nuduhake Dhokter Warsita njodhohake putri mbarepe karo Teja Putranta putrane Pak Danu. Sajrone pajodhoan iki Dhokter Warsita saperlu nuruti idham-idhamane duwe calon mantu lan calon besan saka golongan intelektual. Cundhuk karo idham-idhamane Dhokter Warsita wis ndeleng saka bibit, bobot, lan bebete, sing dianggep mathuk karo mantu idhamane. Wahyuningrum sing dijodhohake ora ana masalah anane pajodhoan iki. Dheweke nampa pajodhoan iki kanthi ati legawa, saengga lumakune pancangan iki ora ana alangan.

4.2.2 Pamungkase Derdah

Dene cara kanggo ngrampungake konflik paraga sajrone cerbung nganggo cara damai utawa konflik sing ana dianggep wis rampung. Cara kanggo ngrampungake konflik sing kaloro yaiku *kemenangan* salah siji pihak sandhuwure panampan saka pihak sing kalah. Andharan kasebut bisa dideleng ing ngisor iki.

1. Damai

Konflik sing dumadi antarane Ambarini lan Pratiwi dipungkasi kanthi cara damai, utawa konflik sing ana dianggep wis rampung. Wujud konflik sing dumadi yaiku engkel-engkelan disebabake panemu sing beda. Supaya ora dadi masalah sing dawa Ambarini menehi jlentrehan supaya Pratiwi bisa ngerteni. Andharan kasebut ana ing pethikan:

"Mbok ya sliramu iku milih jurusan Basa Inggris. Yen milih Jurusan basa Inggris rak luwih katon gagah ta," mengkono ngendikane Mbak Tiwi". (Jaka Lodhang, eps:5)

"Mbak Tiwi, aku golekan pamulangan sing wektune ora suwe awit pamarentah selak butuh guru SMA. Aku milih basa Jawa awit aku duwe idham-idhaman besuk yen lulus uga bisa mulangake basa Jawa marang wong-wong saka mancanegara sing nyinau basa Jawa ing Indonesia". (Jaka Lodhang, eps:5)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Anane cara damai kanggo mungkasi konflik sing dumadi. Ambarini sing dienyek dening Pratiwi gegara milih Jurusan Basa Jawa, jurusan sing anggep Pratiwi kurang gagah. Beda karo dheweke sing kuliyah ing salah siji Universitas kondhang ing kutha Ngayogyakarta. Pratiwi milih mungkasi engkel-engkelan iki kanthi cara damai supaya ora dadi masalah sing gedhe. Cara Damai katuduhake Ambarini menahi jlentrehan kanthi alus, supaya Pratiwi ora lara ati. Dheweke milih jurusan basa Jawa amarga wektu iki pamarentah selak butuh guru Basa Jawa, lan dheweke kepengin bisa mulangake basa Jawa marang wong-wong mancanegara sing nyinau basa ing Indhonesia. Lumantar tumindak Ambarini iki, Pratiwi ora ngengkel maneh, dheweke bisa mangerteni ancase Ambarini, saengga masalah iki dianggep rampung.

2. Kemenangan Salah Siji Pihak

Konflik sing dumadi antarane Pratiwi lan Bapak dipungkasi kanthi anane kemenangan salah siji pihak. Dhokter Warsita duweni idham-idhaman putra-putrine bisa sukses ing babagan akadhemik uga bab pajodhoan. Kadhang kala, sajrone nggulawenthah putra-putrine dhokter Warsita meksa kekarepane. Saengga putra-putrine kudu murungake pepenginan amarga kudu ngecakake "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" sing magepokan karo anane "Bibit, bobot, lan bebet". Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"....Saking mpenge anggone ngluhurake "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" lan "bibit, bobot, bebet" Dhokter warsita kagungan idham-idhaman menawa mantune kudu insinyur lan dhokter.

" O, yen ngono ya kebeneran. Dadi, kowe sarujuk yen dilamar?"

"Inggih, kula ndherek kersanipun papi lan mami, nanging kula piyambak ugi remen kok kalihan priya ingkang nggantheng tur pinter. Rak inggih ta papi". (Jaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Dhokter Warsita duweni kekarepan sing dhuwur. Mula, putra-putrine kudu sekolah sing dhuwur, amrih bisa antuk jodho sing sepadhan. Saka pethikan kasebut Dhokter Warsita nengenake putrine bisa nimbang bibit, bobot, lan bebet calon jodhone. Lumantar pajodhoan iki dianggep putrine bisa ngluhurake wong tuwane. Awit putrine loro duweni watak sing beda nyebabake konflik. Wahyuningrum putri mbarepe tansah manut karo wong tuwane, nyebabake Pratiwi dipeksa nyonto Wahyuningrum. Wahyuningrum nampa jejodhan iki amarga dheweke uga seneng karo priya idhaman Bapak lan ibune. Saengga pajodhoan iki lumaku kanthi lancar. Dumadine pajodhoan Wahyuningrum lan Teja Putranta nyebakake anane kemenangan salah siji pihak sing mungkasi anane konflik antarane Dhokter Warsita lan Wahyuningrum. Dhokter Warsita duweni putri sing tansah sulaya karo dheweke babagan pajodhoan yaiku putri wuragile aran Pratiwi.

4.3 Relevansi Utama Gayutane Unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" karo Makna sajrone Cerbung

Saben pawongan duweni pamawas sing beda ngenani makna unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero", saengga sajrone ngecakake ora padha. Unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" duweni relevansi karo Makna sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" Anggitane Tiya. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki.

4.3.1 Unen-unen Mikul Dhuwur, Mendhem Jero Minangka Pangatur Tumindak

Unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem jero" ditegesi beda-beda dening kulawarga sajrone cerbung. Kulawarga Ambarini maknani "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" yaiku anak kudu bisa njunjung derajade wong lumantar patrape. Bisa dideleng yen Ambarini tansah manut wong tuwa,

ora gawe wirang isin wong tuwa, lan ngajeni wong liya. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Omong karo Mbak Pratiwi iku kudu ngati-ati awit dheweke gampang kagol. Aku yen omong-omong karo dheweke mesthi ndonga dhisik supaya aja gawe lara atine. Maklum, dheweke iku apa-apa keturutan, tansah diemong dening rama ibune". (Djaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Ambarini ngecakake "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" sajrone pacaturan karo Pratiwi putri wuragile Dhokter Warsita. Wektu iku Ambarini lagi urun rembug karo Pratiwi bab sandhangan sing dinggo mbesuk nalika dina pancangan. Dheweke Mangerteni yen Pratiwi anak wuragil sing mesthine isih diemong karo bapak ibune. Mula, nalika omong-omongan Ambarini ngati-ati supaya ora engkel-engkelan. Tumindake Ambarini sing ngati-ati nuduhake yen dheweke "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" ateges Ambarini nuduhake tumindak sing becik. Kanthi Tumindak sing becik tanpa dijlentrehake dheweke wis "Mikul Dhuwur" sing tegese dheweke njunjung derajade wong tuwa sing nggulawenthah dheweke duweni tumindak sing becik. Lan "Mendhem Jero" alane tumindake wong tuwa Ambarini bisa kapendhem dening patrape putrane sing becik.

4.3.2 Mikul Dhuwur, Mendhem Jero Pathokan Wong Tuwa

Kulawarga Dhokter Warsita nggunakake unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" minangka pathokan kanggo putra-putrine. Ngluhurake wong tuwa miturut Dhokter Warsita bisa dilakoni kanthi manut wong tuwa. Ing babagan pendhidhikan kudu sukses kaya idhamane, lan babagan pajodhoan kudu nengenake bibit, bobot lan bebete. Kanggo putrine paling ora kudu Dhokter utawa Insinyur. Besane kudu saka golongan intelektual uga. Yen anake bisa nglakoni iki dianggep bisa "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero". Andharan iki bisa dideleng ing pethikan:

"Ora mung bab sekolah ing bab pajodhoan Dhokter Warsita uga tansah ngelingake marang putra putrine anane bibit, bobot, bebet".

"Saking mampenge anggone ngluhurake "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero", lan bibit,

bobot, bebet, Dhokter Warsita kagungan idham-idhaman menawa mantune kudu insinyur lan dhokter". (Djaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Dhokter Warsita negesi "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" anak kudu tenanan anggone ngluhurake wong tuwa. Ing babagan pajodhoan Dhokter Warsita duweni idham-idhaman anake bisa uga nengenake bibit, bobot, lan bebet yen golek jodho. Unen-unen iki digunakake pathokan Dhokter Warsita, yen anake manut pepenginanane dianggep wis ngecakake "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero", ning yen ora manut dianggep sulaya.

4.3.3 Mikul Dhuwur, Mendhem Jero Pathokan Kanggo Anak

Anak duweni kuwajiban ngluhurake wong tuwa. Babagan iki magepokan karo "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero". Aja nganti anak ora bisa njunjung derajade wong tuwa, mula anane unen-unen iki dinggo pathokan anak, supaya tumindake bisa luwih ketata sajrone urip saben dinane. Babagan pajodhoan uga kudu nggatekake unen-unen iki. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Wahyu, apa kowe gelem yen dilamar dening Nakmas Teja Putranta, putrane Kamas Danu Saputra?"

"Inggih, kula ndherek kersanipun papi lan mami, nanging kula piyambak ugi remen kok kalihan priya ingkang nggantheng tur pinter, rak inggih ta papi". (Jaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Wahyuningrum putra mbarepe Dhokter Warsita wis wancine duwe sisihan. Dhokter nggulawenthah putra-putrine yen golek jodho kudu nggatekake "bibit, bobot, lan bebet" supaya bisa njunjung derajade wong tuwa. Pathokan saka Bapaké dinggo Wahyuningrum. Dhokter Warsita mampeng anggone golek mantu sing duweni title akadhemis sarta besane saka golongan intelektual. Dhokter Warsita mandhan yen status sosial mantune kudu sepadhan karo dheweke.

4.4 Nile-Nile Sing Diugemi Masyarakat Lan Sesambungane Konflik Sosial Kulawarga

Karo Kanyatan Saiki Sajrone "Mikul Dhuwur Mendhem Jero"

Nilai yaiku samubarang sing diajeni utawa didadekake pedhoman sawijine wong miturut *hati nurani*. Miturut Nurgiyantoro (2007:321) nilai sajrone kasusastran bisa mlebu lumantar crita, solah bawa, lan sikape paraga sing bisa dijupuk amanate. Cerbung *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* nuduhake anane nilai sing diugemi dening masyarakat. Nilai-nilai kasebut ing antarane Nile kasih lan sayang sarta kuwajiban.

4.4.1. Nile Kasih lan Sayang

Kasih lan sayang yaiku sawijine rasa sing tulus sajrone ati lan ngandhut sawijine pepenginan kanggo menahi, nresnani, lan mbungahake. Rasa kasih lan sayang bisa diwenehake marang sapa wae sing ditresnani kayata wong tuwa, kanca, lan liya-liyane. Kasih sayang iki tuwuh nalika ana rasa ghati sajrone ati marang pawongan sing ditresnani, tuwuhe kasih sayang iki ora bisa digawe-gawe ganthuk karo miturut Zubaedi (2005:13). Adhedhasar kasebut nile kasih sayang ing antarane kasih sayang, pangabdian, tulung tinulung, kekeluwargaan lan kapedulian.

1. Nile kasih lan sayang

Tresna yaiku sipat becik sing makili kabeh kabecikan, rasa welas asih lan katresnan. Tresna yaiku tumindak sawijine pawongan marang pawongan liyane, sing arupa pangorbanan, empati, rasa ghati, tulung tinulung. Manut karo prentah pawongan sing ditresnani (Zubaedi, 2005:17). Nile sosial sarone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" anggitane Tiyasti digambarake sajrone pethikan ing ngisor iki:

Rasa kasih sayang sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" kagambarake dening Dhokter Warsita marang putra-putrine. Dhokter Warsita nggulawenthah putra-putrine ngenani anane unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" supaya digunakake pathokan tumindak saben dina, sing majibake anak bisa ngluhurake wong tuwa. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Sanadyan Dhokter Warsita iku salah sawijining golongan intelektual, panjenengane kagungan pamanggih isih ngluhurake budaya Jawa, upamane arane filosofi Jawa "Mikul Dhuwur, Mendhem

Jero" sing ateges anak iku kudu bisa ngluhurake wong tuwane".

"Ora mung bab sekolah ing bab pajodhoan Dhokter Warsita uga tansah ngelingake marang putra-putrane anane "bibit, bobot, bebet". (DJaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing Dhuwur nuduhake rasa tresna Dhokter Warsita gedhe marang putra-putrine. Dheweke pengin anake bisa dadi wong sing migunani ing bebrayan, bisa ngluhurake wong tuwane. Mula, rasa kasih sayang kasebut katuduhake kanthi Dhokter Warsita nggulawenthah putra-putrine anane "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero", Dhokter Warsita menahi gegambaran anak iku kudu ngapa wae, amrih bisa ngecakake unen-unen kasebut.

2. Rasa Ghati/ Peduli

Rasa tresna uga katuduhake anane rasa ghati tumrap tumindake putra-putrine, katuduhake Ibu Ambarini ora isin duwe anak sing kuliyan ing BI Basa Jawa, malah Ibune bangga putrine bisa nglakoni kuwajibane kanthi pener. Ibune uga tansah paring donga supaya putrine bisa sukses ing bidhang sing dikarepake. Apa wae sing dilakoni Ambarini disengkuyung, lan tansah ngelingake anane kuwajiban utama Ambarini minangka anak, ya iku kudu ngluhurake wong tuwane. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Kepriye ujianmu Rini?" pandangune Ibuku

"Ibu, alhamdulillah kula lulus kanthi biji ingkang sae-sae. Mugi-mugi mbenjing saged kangge nerusaken kuliya wonten Universitas Institut Keguruan".

"Rini aku ya seneng banget kowe bisa lulus kanthi biji sing apik". (Jaka Lodhang, eps:5)

Ora beda saka Ibu Ambarini. Dhokter Warsita uga duweni rasa ghati marang Pratiwi putri wuragile. Ing babagan pendhidhikan Dhokter Warsita nyengkuyung sakabehe kagiyatan Pratiwi. Kabukti nalika Pratiwi kadhapuk dadi Dewi Sinta, sing gandhengane Satriya. Pratiwi lan Satriya beda status sosial. Nanging Ing babagan iki Dhokter Warsita ora ngalangi kagiyatane Pratiwi, rasa trenane pratiwi marang budaya turunan saka Bapake.

3. Pangabdian

Rasa kasih sayang wong tuwa marang anak, bisa nuwuhake rasa tresna sajrone atine anak, saengga tuwuh rasa ghati sajrone diri. Anak sing tresna anak katuduhake lumantar pangabdian putra-putri marang Bapak lan Ibune. Sajrone cerbung putri mbarep Dhokter Warsita nuduhake rasa bhakti marang Bapake. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"O, yen ngono ya kebeneran. Dadi, kowe sarujuk yen dilamar?"

"Inggih, kula nderek kersanipun papi lan mami, nanging kula piyambak ugi remen kok kalihan priya ingkang nggantheng tur pinter. Rak Inggih ta papi?". (Djaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Wahyuningrum gelem dijodhohake karo priya pilihan wong tuwane. Awit Wahyuningrum ngrumangsani yen Bapake menahi pirsu calon jodhone kudu nengenake "bibit, bobot, bebet" mesthi duweni ancas sing becik kanggo putra-putri. Pilihane wong tuwa mesthi iku sing becik kanggo putrane. Kajaba iku Dhokter Warsita banget nresnani dheweke, ora mungkin yen pajodhoan iki bakal nyusahake dheweke. Gandheng priya pilihane bapake padha karo idhamane. Wahyuningrum nampa pajodhoan iki. Ditampane Pajodhoan iki wujud bhakti Wahyuningrum minangka anak marang Bapak lan Ibune.

4. Tulung-tinulung

Nile kasih sayang katuduhake anane tulung tinulung. Sajrone tumindak iki tulung tinulung dilakoni dening Anwar salah siji mahasiswa saka luwar Jawa sing manggon ing tlatah elit, nalika nulungi Ambarini. Anwar banjur mlayu nulungi Ambarini. Ing kene kabukti yen manungsa yaiku makhluk sosial sing duweni naluri tulung-tinulung, setiya, lan ghati marang pawongan liyane. Andharan iki bisa dideleng ing pethikan:

"Baru pulang sekolah Dik?"

"Ya, Bang." Mengkono wangsulanku, Gandheng aku grogi, dumatikan aku tiba saka sepedhaku, aku isin banget nalika iku awit Bang Anwar banjur mlayu nulungi aku".

Tulung-tinulung sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" ora ndeleng sapa sing ditulungi lan sing nulungi. Ananging rasa tulung-tinulung kuwi rasa krenteg sajrone ati pengin nglakoni. Tumindak tulung-tinulung liyane dilakoni Satriya marang Pratiwi. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Inggih sampun cekap. Kula dherekaken kondur punapa jeng Tiwi. Kala wae panjenengan rak nitih becak ta?"

"Inggih, awit sopiripun papi saweg sakit".

"Panjenengan saged mbonceng sepedha motor punapa?". (Djaka Lodhang, eps:7)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Satriya duweni rasa ghati marang Pratiwi. Kabukti nalika Pratiwi budhal ing sanggar tari nitih becak dhewean, Satriya nggatekake. Banjur nalika wancine mulih, Satriya nawakake boncengan. Mumpung dheweke numpak sepedhah dhewean. Ing kene Satriya nulung Pratiwi supaya bisa tekan omah cepet tur aman. Satriya ora mandhang sapa sing ditulungi, amarga rasa tulung-tinulung iki tuwuh sajrone ati pawongan sing duweni rasa ghati.

5. Kekeluwargaan

Kekeluwargaan sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" katuduhake dening kulawarga Suhendra nglamar Ambarini. Saka kulawarga Ambarini ora meksa anake golek sisihan sing status sosiale dhuwur. Kabuti lamaran Suhendra ditampa kanthi becik dening kulawarga Ambarini. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Pak Warsana kula badhe matur panjenengan menawi anak kula pun Suhendra badhe nyuwun kang putra putri dados sisihanipun"

"Sampun manteb punapa Mas Hendra, anggenipun badhe mundhut garwa anak kula pun Ambarini"

"Sampun manteb sanget." Ature Mas Hendra

"Ketingalipun anak kula ugi sampun manteb dados sisihan panjenengan, Rak iya ta Rini?" ngendikane bapakku (Djaka Lodhang, eps: 10)

Pethikan ing dhuwur nuduhake adicara lamaran ing omahe Pak Warsana. Wektu iku saka kulawarga Suhendra nglamar Ambarini. Pak Warsana awit wis ngerti kahanane Suhendra saka caritane putrine. Supaya manteb anggone pengin ngerti karepe Suhendra, Pak Warsana njur takon marang Suhendra napa wis manteb ndadekake Ambarini sisihane. Suhendra mangsuli kanthi manteb, semana uga Ambarini.

4.4.2 Nile Tanggung Jawab

Tanggung jawab yaiku kahanan wajib nanggung sakabehane saengga tanggung jawab yaiku kuwajiban nanggung, mikul jawab, nanggung sakabehane tumindake utawa menahi jawab lan nanggung akibate (Moeliono, 2000:996). Rasa tanggung jawab sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” ing antarane Rasa triman lan duweni lan kuwajiban.

1. Rasa Nrima lan Duweni

Rasa nrima lan duweni sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” yaiku rasa Nrima Ambarini nalika dienyek dening Pratiwi, jalaran dheweke kuliyah ing BI jurusan Basa Jawa, beda karo Pratiwi sing bisa kuliyah ing salah sijine Universitas kondhang ing kutha Ngayogyakarta. Ambarini ora mutung lan gela. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

“Mbak Pratiwi yen ketemu aku mesthi ngenyek “Jeng Rini, ngapa sliramu kok ora nerusake neng universitas? jurusan wae kok milih basa Jawa. Mbok ya sliramu iku milih jurusan bahasa inggris rak luwih katon gagah ta”. (Jaka Lodhang, eps:5)

“Mbak Tiwi, aku golek pamulangan sing wektune ora suwe awit pamarentah selak butuh guru SMA. Aku milih basa Jawa awit aku duwe idham-idhaman besuk yen wis lulus bisa mulangake basa Jawa marang wong-wong saka mancanegara sing nyinau basa ing Indonesia”. (Djaka Lodhang, eps: 5)

Pethikan kasebut nuduhake Ambarini nrima ing pandum. Dheweke ngerti Bapak lan ibune ora sugih kaya kulawarga Pratiwi, saengga dheweke wis ngrasa bagya bisa nerusake ing BI basa Jawa. Kajaba iku dheweke pengin lulus cepet njur bisa golek pagaweyan sing penak. Dheweke

ngrasa duweni hak kanggo bisa nyenengake wong tuwane, mula dheweke pengin bisa sukses.

2. Kuwajiban

Kuwajiban sing kagambarake sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” yaiku wong tuwa duweni kuwajiban njangkepi kabutuhan lair lan batin putra-putrine. Kayata menahi nafkah kang arupa papan, sandhang lan pangan, ora tumindak durjana, menahi pendhidhikan lan kawruh, menahi nafkah batin, lan menahi pitutur marang putra-putrine. Semana uga anak duweni kuwajiban ngluhurake wong tuwane. Andharan kasebut bisa dideleng sajrone pethikan:

“Putrane Dhokter Warsita loro cacah wadon kabeh. Sing mbarep aran Wahyuningrum, sing wuragil aran Pratiwi. Putra putri loro iku digadhang kabeh dadi sarjana, alias kabeh lulusan pawiyatan luhur”. (Jaka Lodhang, eps:2)

“Sawise lulus SMA Mbak Tiwi nerusake kuliyah ana Fakultas Filsafat ing sawijining pawiyatan luhur sing kondhang ing kutha Ngayogyakarta. Aku nerusake kuliyah ing BI Basa Jawa”. (Jaka Lodhang, eps:5)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Dhokter Warsita duweni putri loro sing digadhang kabeh dadi sarjana. Amarga Dhokter Warsita kalebu wong sugih, dheweke mesthi bisa njangkepi kabutuhan sandhang, pangan, lan papan kulawargane. Ing babagan pendhidhikan Dhokter Warsita uga bisa nyekolahake kalorone.

4.4.3. Nile Budaya

Nile budaya sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” katuduhake dening Dhokter Warsita lan besane sing seneng karo budaya Jawa. Yen nggulawenthah putra-putrine uga nganggo unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Babagan jodho sing magepokan karo “bibit, bobot, bebet” isih diugemi dening Dhokter Warsita. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

“Dhimas Warsita, ayo padha besanan aku duwe jaka insinyur. Putra-putrine sliramu rak sarjana ekonomi ta”.

“O, iya Kamas Danu, tenan apa guyon?”

"Yen sliramu lan putramu wis ngertos bab anakku ya gek dilamar wae ta." (Jaka Lodhang, eps:2)

Pethikan ing dhuwur nuduhake budaya pajodhoan isih diugemi dening kulawarga saka golongan intelektual, yaiku Dhokter Warsita lan Pak Danu. Lumrahe budaya iki dilakoni amarga saben pawongan duweni pamawas yen "bibit, bobot, bebet" kudu digatekake. Yen saka golongan intelektual uga antuk saka golongan intelektual, supaya ora ngisin-isini. Ya iki sing diarani "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" miturut Dhokter Warsita lan calon besane.

4.4.4 Sumeleh

Saben titah nduweni rodha panguripan dhewe-dhewe sing saben wektu bakal munyer lan ora tau mandheg. Katentreman ora bakal langgeng, semana uga katintriman. Kabeh mlaku miturut lakune rodha. Ora ana manungsa sing kuwawa ngendheg lakune rodha, kejaba Gusti Allah dhewe. Manungsa mung bisa sumeleh, masrahake sakabehe menyang Gusti Allah. Sumeleh sajrone cerbung ing antarane Sabar lan pasrah.

1. Sabar

Rasa sabar sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" katuduhake dening Pratiwi sing ngandharake apa sing dirasakake babagan katresnane marang Ibune. Dheweke ngrasa yen bapake banget idhealis sajrone nemtokake calon sisihane. Nganti dheweke kudu ngorbanake rasane. Awit Pratiwi lan Satriya ora sederajat Pratiwi wis bisa ngira yen idhamane ora kaya idhamane wong tuwane. Nanging Pratiwi tansah sabar ngdhepi kahanan iki. Dheweke ora mutung lan nesu marang bapak lan ibune. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Mami, kula punika sampun wancinipun mikiraken jodho awit sedaya tiyang punika limrahipun sama gadhah idhola. Namung eman sanget asring idholanipun anak kalihan tiyang sepuh punika asring boten sami. Mengkono ature Mbak Tiwi". (Jaka Lodhang, eps:9)

2. Pasrah

Pasrah sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" dilakoni dening Pratiwi lan Satriya sing ora bisa bebarengan gegara kulawargane isih

ngecakake budaya pajodhoan. Pratiwi sing duweni Bapak banget idhealis anggone nimbang "bibit, bobot, bebet" pawongan sing bakal dadi sisihane ora bisa dierih-erih. Yen kuwi wis dadi pepenginanane kudu dituruti. Andharan kasebut bisa dideleng ing pethikan:

"Kaya-kaya angel anggonku bisa ngerih-erih papimu Tiwi. Saiki apike kowe ndonga wae supaya Gusti Allah sing paring dalam gampang, yen Gusti Allah ora marengake, awake dhewe ora kena nesu utawa mutung. Kita kudu percaya menawa kabeh iku mesthi ana hikmahe".

"inggihi mami, kula badhe sregep Shalat Tahajud"

"Iya Tiwi, becik banget yen kowe pasrah karo sing Maha Kuwasa" (Djaka Lodhang, eps:9)

Pethikan ing dhuwur nuduhake Pratiwi wis nyoba jujur marang ibune, yen dheweke lagi nandang tresna marang priya aran Satriya, salah sijine guru ing Sanggar tari. Dheweke kepingin ibune bisa ngrewangi ngerih-erih Dhokter Warsita. Babagan tresna ora bisa dipeksa, apa maneh yen nengenake bibit, bobot lan bebet, ning kudu cundhuk karo idham-idhamane. Dirasa Pratiwi iku angel banget.

4.4.5 Sesambungane Konflik Sosial Kulawarga Karo Kanyatan Saiki Sajrone Mikul Dhuwur Mendhem Jero Anggitane Tiyasti

Unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" kanggone masyarakat jawa dinggo pathokan kanggo putra-putrine supaya dadi piweling yen kuwajibane anak kudu ngluhurake wong tuwane. Sejatine unen-unen kasebut ora mung kanggo anak, wong tuwa uga duweni kuwajiban sing gedhe, menahi kawruh sing bener lan pener sajrone ngecakake unen-unen kasebut, apa maneh yen magepokan karo babagan pajodhoan kudu nggatekake "bibit, bobot, bebet".

Yen wong tuwa duweni pamawas babagan pajodhoan kudu nggatekake bab kasebut ana penere, ananging aja nganti anak ngorbanake rasa tresna sajrone dirine. Konflik sosial sing dumadi sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" anggitane Tiyasti ing kanyatan saiki ora lumrah ditemoni. Budaya pajodhoan saperangan isih dicakake, ning lumrahe wis ora dinggo, jalaran saiki

anak bebas nemtokake sapa sing bakal dadi sisihane.

Njunjung derajade wong tuwa sajrone cerbung bisa dideleng saka pajodhoan. Ananging beda karo kanyatan saiki njunjung derajade wong tuwa ora bisa dideleng saka pajodhoan. Ananing bisa nganggo cara liyane, kayata sekolah sing tenanan njur bisa ngowahi ekonomi kulawarga, kaya sing dilakoni Ambarini lan Pratiwi. Jaman saiki wis ora wancine nengenake pajodhoan, malah yen omah-omah ora didhasari rasa tresna ora bakal bagya.

4.5 Dhiskusi Asiling Panliten

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen cerbung *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* anggitane Tiyasti onjo ing perangan sosial, mligine konflik sosial. Konflik sosial disandhang dening paraga-paraga kang ngluhurake unen-unen *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero*. Konflik sosial dijlentrehake wiwit gegambarane, panyebab lan pamungkase konflik, relevansi nile-nile etika sajrone cerbung, sarta nilai-nilai sing diugemi masyarakat lan sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone cerbung *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.

Kapisan, Anak kudu nuduhake tumindak sing becik. Urip ing tlatah elit ora nyebabake Bapak lan Ibu Ambarini ngowahi cara nggulawenthah putra-putrine sing kudu “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Sing tegese Ambarini kudu ngluhurake wong tuwane. Kulawarga iki pindhahan saka tlatah kidul kraton, mula Mabarini ngrasa kaku, amarga pawongan kiwa tengen nduweni pakulinan sing beda-beda. Kapindho, anak kudu manut wong tuwa. Kajaba Anwar, Dhokter Warsita kalebu pawongan golongan intelektual. Dheweke nduweni pamanggih yen anak kudu manut karo wong tuwa, amarga wong tuwa kang mangerteni apik orane sawijine bab kango putrane bisa njunjung derajade wong tuwa kanthi lulus pawiyatan luhur kabeh. Katelu, ngluhurake wong tuwa kanthi nengenake pendhidhikan. Yen kulawarga Dhokter Warsita negesi yen ngluhurake wong tuwa iku kudu manut apa jare wong tuwa, mligine ing bab pajodhohan kudu nengenake bibit, bobot, bebet. Ning beda karo bapak ibune Ambarani sing nggulawenthah putra-putrine. Kapapat, anak kudu mendhem wirange wong tuwa “mikul dhuwur, mendhem jero” kudu ditengenake

ing ngendi wae, alane anak dadi wirange wong tuwa. ambarini ngecakake unen-unen kasebut bisa dideleng nalika omong- omongan karo pawongan liyane. dheweke sopan lan ora mbantah

Panyebab lan pamungkase konflik sosial kulawarga sajrone panliten iki yaiku konflik sosial sing disebabake (1) *karakteristik* saben wong sing beda, (2) budaya sing beda, (3) kapreluwan sing beda, lan (4) owah-owahan sosial. Pamungkase derdah sajrone panliten iki kanggo ngrampungake konflik paraga sajrone cerbung nganggo cara damai utawa konflik sing ana dianggep wis rampung. Cara kanggo ngrampungake konflik sing kaloro yaiku *kemenangan* salah siji pihak sandhuwure panampian saka pihak sing kalah. Saben pawongan duweni pamawas sing beda ngenani makna unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”, saengga sajrone ngecakake ora padha. Unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” duweni relevansi karo Makna sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” Anggitane Tiyasti. Andharan kasebut bisa dideleng saka unen-unen *mikul dhuwur, mendhem jero* minangka pangatur tumindak, *mikul dhuwur, mendhem jero* pathokan wong tuwa, lan *mikul dhuwur, mendhem jero* pathokan kanggo anak.

Nile-nile sing diugemi masyarakat lan sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone mikul dhuwur mendhem jero nuduhake anane nilai sing diugemi dening masyarakat kayata nile kasih lan sayang. Kasih lan sayang yaiku sawijine rasa sing tulus sajrone ati lan ngandhut sawijine pepenginan kanggo menehi, nresnani, lan mbungahake. Rasa kasih lan sayang bisa diwenekake marang sapa wae sing ditresnani kayata wong tuwa, kanca, lan liya-liyane. Kasih sayang iki tuwuh nalika ana rasa ghati sajrone ati marang pawongan sing ditresnani, tuwuhe kasih sayang iki ora bisa digawe-gawe. Saliyane iku, ana uga nile tanggung jawab. Tanggung jawab yaiku kahanan wajib nanggung sakabehane saengga tanggung jawab yaiku kuwajiban nanggung, mikul jawab, nanggung sakabehane tumindake utawa menehi jawab lan nanggung akibate. Wekasan, ana nile budaya. Nile budaya sajrone cerbung “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero” katuduhake dening Dhokter Warsita lan besane sing seneng karo budaya Jawa. Yen nggulawenthah putra-putrine uga nganggo unen-unen “Mikul Dhuwur, Mendhem Jero”. Babagan jodho sing magepokan

karo "bibit, bobot, bebet" isih diugemi dening Dhokter Warsita.

PANUTUP

Adhedhasar andharan ing bab sadurunge bisa dingerteni yen cerbung *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* anggitane Tiyasti onjo ing perangan sosial, mligine konflik sosial. Konflik sosial disandhang dening paraga-paraga kang ngluhurake unen-unen *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero*. Konflik sosial dijlentrehake wiwit gegambarane, panyebab lan pamungkase konflik, relevansi nile-nile etika sajrone cerbung, sarta nilai-nilai sing diugemi masyarakat lan sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone cerbung *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* anggitane Tiyasti.

Paraga sajrone cerbung duweni pamanggih kang beda ngenani teges lan makna *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* saengga nuwuhake konflik. Konflik bisa ditemokake lumantar pacaturan lan solah bawa saben paraga. Gegambaran konflik kang dumadi sajrone cerbung *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* kayata wong tuwa lan anak duweni pamanggih kang beda sajrone ngecakake *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* kasebut. Bab kasebut nuwuhake panyebab anane konflik kang kapisan karakteristik saben paraga sajrone cerbung beda, Budaya sing beda, kapreluwan sing beda.

Konflik kang dumadi sajrone cerbung bisa dipungkasi kanthi cara damai, kemenangan salah siji pihak. Unen-unen *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* duweni relevansi karo Makna sajrone cerbung "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" Anggitane Tiyasti, kayata Unen-unen *Mikul Dhuwur, Mendhem Jero* minangka pangatur tumindak, pathokan wong tuwa, sarta pathokan kanggo anak. Dene nile-nile sing diugemi masyarakat lan sesambungane konflik sosial kulawarga karo kanyatan saiki sajrone *Mikul Dhuwur, Mendhem jero* bisa dideleng saka nile kasih lan sayang, rasa ghati/pedhuli, pangabdian, tulung tinulung, kekeluwargaan, Nile tanggung jawab, kuwajiban, nile budaya, sumeleh.

Sesambungane Konflik Sosial Kulawarga Karo Kanyatan Saiki Sajrone *Mikul Dhuwur Mendhem Jero* Anggitane Tiyasti. Unen-unen "Mikul Dhuwur, Mendhem Jero" kanggone masyarakat jawa dinggo pathokan kanggo putra-putrine supaya dadi piweling yen kuwajibane anak kudu ngluhurake wong tuwane. Sejatine unen-unen

kasebut ora mung kanggo anak, wong tuwa uga duweni kuwajiban sing gedhe, menehi kawruh sing bener lan pener sajrone ngecakake unen-unen kasebut, apa maneh yen magepokan karo babagan pajodhoan kudu nggatekake "bibit, bobot, bebet".

5.2 Pamrayoga

Adhedhasaran andharan kasebut Panliti mung ngrembug konflik sosial sing ana sajrone teks sastra tanpa nliti kahanan sosial pangripta utawa pangaribawane sastra tumrap pamaca. Kawinatesan iku temtune bisa dadi sarana kanggo panliti liya supaya bisa ngrembakakake panliten sosiologi sastra kanthi ndeleng ing telung punjer, yaiku konteks sosial pangripta, sastra minangka kaca benggallane masyarakat (teks sastra), lan fungsi sosial sastra (pangaribawane sastra tumrap pamaca).

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo: Anggota IKAPI.
-2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo: Anggota IKAPI.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- 1992. *Prosedur Penelitian*. Rineka Cipta: Jakarta.
- Damono, Sapadi, Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- 2008. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Presindo.
- Luxembrug. 1989. Diindonesiakan oleh Dick Hartoko. *Pengantar Ilmu Sastra*. Gramedia: Anggota IKAPI.

Nurgiyantoro, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

..... .2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Pradopo, Rachmat Djoko. 2011. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Ratna, NyomanKutha. 2009. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

..... 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Saraswati, Ekarini. 2003. *Sosiologi Sastra Sebuah Pemahaman*. Malang: UMM Press.

Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Teeuw, A. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Dunia Pustaka Jaya.

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia. (Karjawan dening Melani Budianta).

Werren, Austin& Wellek, Rene. Diindonesiakan oleh Budianta, Melani. 1990. *Teori Kasusastraan*. Jakarta:Gramedia: Anggota IKAPI.

